

Investisman nan Sante Mantal ak nan Byennèt

11 Mas 2024

Chè Kominote Terrapin,

Cheminman ki pou mennen nan yon kominote inivèsitè ki pi bon pou lasante a chaje ak etap pou n konsakre n ak yo. Chak inisyativ, chak patenarya epi chak resous ki elaji reprezante yon etap enpòtan sou chemen sa a. Jodi a, n ap pataje pwogrè nou fè nan fè pwomosyon pou yon kilti swen, pou chak manm nan kominote nou an ka santi l valorize, pou li santi li gen responsablite epi li jwenn sipò.

Nan ane ki fenk sot pase yo, efò ki fèt nan tèt kole ant depatman zafè etidyan yo ak lòt depatman epi lidè inivèsite yo te ede nan amelyore sèvis sante mantal la pou etidyan nou yo. Yo te fè amelyorasyon sa yo pou reponn ak fason aviwònman mantal la ap evolye sou kanpis inivèsite yo. Yo te enfòme yo tou atravè kèk rekòmandayon gwoup travay presidansyèl la te fè sou polis kominotè a, gras ak kontribisyon etidyan yo, pwofesè yo, ak manm pèsònèl la. Avansman sa yo se repons ak defi resan kominote nou an t ap fè fas nan tèt kole. Epi kit nan moman difisil kit nan moman ki pa difisil, nou dwe kontinye preyorize sante mantal nou ak fason nou bay youn lòt sipò.

An Jiyè 2020 an, [nou te anonse](#) angajman nou pou n ogmante manm pèsònèl la pou sèvis sante mantal etidyan yo. Nou fyè lè n gade pwogrè nou fè, pa sèlman nan ogmantasyon manm pèsònèl la men nan ranfòsman ak elajisman sèvis sante mantal nou an tou pou etidyan ki diplome yo ak sa ki pa ko yo:

- **Ogmantasyon Manm Pèsonèl la ak sèvis yo:** Pou n abòde deman k ap ogmante pou sipò sante mantal, Sant konsèy la anboche pèsonèl an plis pou travay aplentan ak travau tan pasyèl epi restriktire apwòch li yo pou pèmèt moun jwenn aksè pi rapid epi ki pi efikas pou jwenn swen. Li elaji sèvis sante vityèl li yo pou bay etidyan yo plis opsyon pou yo jwenn aksè ak swen, san konsidere kote yo ye ak orè yo.
- **Kreye yon Ekip Aksè Inisyèl:** Nouvo Ekip Aksè Inisyèl Sant Konsèy la gen senk (5) medsen epi li elaji. Premye fonksyon ekip sa a se amelyore epi akselere aksè pou moun jwenn tretman epi devlope opsyon nouvo tretman ki ka satisfè bezwen elèv yo k ap ovolye nan sa ki gen pou wè ak sante mantal.
- **Mete an Plas Nouvo Patenarya, Opsyon pou Jwenn Swen ak Transpò:** Sant Konsèy la, Sant Sante Inivèsite a ak Depatman Polis Inivèsite Maryland la mete yo ansanm pou yo asire yo, etidyan ki nan kriz yo jwenn swen ki konplè epi ki efikas soti nan moman yo bezwen pou yo transpòte yo ale nan sal ijans la pou yon ijans sante mantal jiskaske yo retounen an vi sou kanpis la. Nou mete yon pwosesis amelyore epi ki pi solidè an plas pou transpòte etidyan yo lè yo gen kriz nan etablisman sante ki apwopriye a yon fason ki sekirize. Akò yo te konkli pou mete sou pye etablisman sante ak lopital pou ede etidyan yo resevwa swen ki rasyonèl epi ki efikas. Epi, yon nouvo sistèm jesyon swen konplè pral ede etidyan yo retounen sou kanpis la apre yo fin sot nan ijans sante mantal ki te mande pou yo etène a.
- **Esèy ak yon Ekip Medsen Entegre:** Nan patenarya ak biwo vis rektè egzekitif la ak kat (4) inivèsite epi lekòl yo, nou entegre twa (3) medsen sante mantal dirèkteman anndan inite inivèsite sa a. Ak entegrasyon medsen sante

mantal anndan lekòl espesifik epi inivèsite sa yo, nou gen objektif pou n rasanble enfòmasyon ki plis nyanse sou swen sante mantal yo ak sipò etidyan ki nan lekòl ak inivèsite sa yo bezwen. Pwojè esèy sa a ap ka devlope alavni.

Nan sa ki gen pou wè ak sa k gen pou vini, nou kontan pou n anonse, Vis Prezidan Prensipal la ak Rektè Jennifer King Rice epi Vis Prezidan Afè Etidyan an Patty Perillo fenk sot resevwa rekòmandasyon ki soti nan Gwoup Travay sou Sante Mantal la. Gwoup travay sa a, gen nan tèt li Warren Kelley k ap koprezide l, ki li menm se Vis Prezidan asosye Prensipal Afè Etidyan ak Boris Lushniak ki se Dwayen Lekòl Sante Piblik la, gwoup sa a te travay pou evalye inisyativ n ap pran aktyèlman yo nan sa ki gen pou wè ak sante mantal epi y ap gen pou yo pwopoze nouvo angajman pou pote plis amelyorasyon nan swen y ap bay etidyan yo, pwofesè yo, ak manm pèsònèl la.

Nou rekonesans devan devouman ak pasyon chak moun ki enplike nan efò n ap fè ansanm yo pou n bay sante mantal la priyorite. Ansanm, nou ka kreye yon kanpis kominotè ki pi fò, ki pi solidè kote tout Terps ka alèz kò yo.

Lizay,

Darryll J. Pines

Prezidan, Inivèsite Maryland

Li (Pwonon Maskilen)

Chetan Joshi

Direktè, Sant Konsèy Inivèsité a
Li (Pwonon Maskilen)